



Pou Piblikasyon Imedya: 11/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO FELISITE 57 ELÈV KI DIPLOME NAN PWOGRAM FÒMASYON APRANTI PONPYE ETA A NAN KONTE SCHUYLER

Se pi gwo Pwomosyon Pwogram Fòmasyon Apranti Ponpye a depi Pwogram nan Kòmanse

Elèv ki Diplome yo ap tounen Ponpye Aplantan nan Depatman Toupatou nan Eta a

Gade Foto Elèv ki Gradye yo [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te felisite jodi a 57 elèv ki diplome nan Pwogram Fòmasyon Apranti Ponpye an (Recruit Firefighter Training Program) nan Akademi Syans Dife (Academy of Fire Science) Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife (Office of Fire Prevention and Control) Eta a nan Montour Falls. Jodi a, elèv ki diplome yo soti nan 24 depatman ponpye e reprezante 75yèm pwomosyon Fòmasyon Apranti Ponpye Akademi an. Se pi gwo pwomosyon ki janm genyen nan Akademi an depi kreyasyon pwogram lan an 1984.

“Elèv ki diplome sa yo pral jwenn plis pase 100,000 gason ak fanm brav ki de sèvis nan depatman ponpye atravè bèl eta sa a, avèk dedikasyon ak kouraj, e reponn a ijans lajounen kou lannwit pou pwoteje nou tout”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen felisite moun New York sa yo pou gwo akonplisman sa a, epi mwen remèsye yo pou angajman yo pran pou sèvi piblik la.”

Pwogram Fòmasyon Apranti Ponpye an dire 11 semèn e li gen ladan plis pase 500 èdtan fòmasyon entans ki depase estanda minimòm Eta New York la pou pèsonèl ponpye. Gradye pwogram lan resevwa tou sètifikasyon nasyonan nan Ponpye I, Ponpye II ak Operasyon ki Mande pou yo Manipile Materyèl Danjere. Tout elèv ki diplome jodi a ap tounen ponpye aplantan nan depatman ponpye pa yo lè yo retounen lakay yo.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York lan, Roger L. Parrino, Sr., te deklare, “Depi kòmansman pwogram fòmasyon ponpye an nan Montour Falls nan lane 1984, plis pase 2,000 apranti fini sik fòmasyon solid sa a avèk siksè. Mwen felisite elèv ki diplome jodi a pou siksè yo, epi mwen sèten yo byen prepare pou asire sekirite moun New York parèy yo”.

Administratè Ponpye Eta (State Fire Administrator), Francis “Skip” Nerney, te deklare, “Elèv ki diplome jodi a pral retounen nan depatman ponpye yo, apre yo resevwa bon jan fòmasyon solid nan Akademi an nan domèn teknoloji ponpye dènye kri ak pi bon pratik ki genyen. Mwen konnen ponpye sa yo byen prepare pou pran ka nenpòt kalite ijans nan tan k ap vini yo, e mwen swete pou yo kontinye jwenn siksè”.

Pandan pwogram 11 semèn lan, ponpye yo te resevwa fòmasyon nan domèn tankou machin ijans ak operasyon ponp, jesyon gaz enflamab, konpetans debaz pou teknisyen sekou, avèk fòmasyon ak operasyon fondamantal pou ponpye. Yo menm patisipe nan fòmasyon fizik chak jou pou prepare yo pou Tès Pèfòmans Fizik Kandida a (Candidate Physical Ability Test).

75yèm pwomosyon Pwogram Fòmasyon Apranti Ponpye ki diplome jodi a gen ladann ponpye annapre yo:

- Depatman Ponpye Auburn: Theodore Alnutt, Jr., Robert Gage
- Depatman Ponpye Barnard: James Boss
- Depatman Ponpye Batavia: Ryan Hinz
- Ayewopò Entènasyonal Buffalo Niagara: Steven Kane, Mitchell D. Foster
- Depatman Ponpye Corning: Jeffrey Robinson, Christopher Willis
- Distri Ponpye Dewitt: Connor J. DuPree, James C. Peet II
- Depatman Ponpye Elmira: Gordon J. Austin, Chris W. Bernal, Tyler A. Crater, Jack T. Eagen, Mackenzie Fuller-Sincock, Logan D. Westervelt
- Fairview Dutchess: Christopher Hann, Kevin Schmitt
- Depatman Ponpye Fishers: Scott D. Brotherton, Matthew J. Picchi, David S. Sorrells, Donald S. VanScott
- Depatman Ponpye Gates: Kyle Viccaro, Nick Condidorio, Jim Yale, Dominick Bole
- Depatman Ponpye Geneva: Joseph D. Passalacqua
- Depatman Ponpye Gloversville: Phlander J. Hart
- Distri Ponpye Henrietta: Daniel Blair, Daniel Parrini, Jennifer Chapman, Michael Wagner
- Depatman Ponpye Herkimer: Daniel Mabbett
- Depatman Ponpye Johnstown: Schuyler P. Duross
- Depatman Ponpye Kingston: Nathaniel Gray, Kyle Jennings, Richard Quigley, Joseph Safford
- Depatman Ponpye Lake Shore: James Nesbitt, Kevin Colburn
- Depatman Ponpye Lockport: Timothy C. Lundquist, Corey P. Webster, Peter J. Burke, John W. Messer, Nicholas Kaszuba
- Depatman Ponpye Niagara Falls: Michael Daniels Jr., Peter DiFrancesco, Gifford Harris, Jason O'Toole
- Depatman Ponpye North Tonawanda: Jacob Polen
- Depatman Ponpye Norwich: Daniel Kerila
- Depatman Ponpye Olean: Alex Austin
- Depatman Ponpye Oswego: Jason Williams
- Depatman Ponpye Vilaj Medina: Brad Mahnke, Cody Doran, Steven Long, Tim Miller

Pwogram Fòmasyon Apranti Ponpye an se youn nan pwogram fòmasyon rezidansyèl ki bay pi bon jan fòmasyon pou ponpe bay èlèv nan yon anviwònman ki sanble ak yon depatman ponpye a plen tan. Pwochen Pwogram Fòmasyon Apranti Ponpye nan Akademi an ap kòmanse an Jiyè 2018.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)